**Программаялъе баян**

Программа хIадур гъабуна Аслияб школалда лъай кьеялъул федералияб пачалихъияб стандартги цIалул предметазе гIуцIарал мисалиял программабиги кьочIое росун.
Пограммаялъ аслияб школалда стандарталъ бихьизабураб авар мацI малъиялъул мурадалда рекъон стандарталъул хIасил рагъула ва рагIа-ракьан бахъун мухIканлъизабула, гьединго цIалул предметалдалъун цIалдохъабазе лъай ва тарбия кьеялъул нух бихьизабула.

Программа ккола мисалияб, ва гьеб хIисабалде босула авар мацIалъул программаби ва учебникал хIадур гьарулел автораз, ай гьелъул кьучIалда гIуцIизе бегьула авторазул программаби ва цIалул тIахьал.
Гьелда тIадеги, программаялда кьун буго щуабилеб классалъе гIуцIараб предметалъул тематикияб план. Гьелъ кумек гьабула *Авар мацI*абураб М.М. МуртазгIалиевасул, А.М. МуртазгIалиевасул 5 классалъул учебникалдаса пайда босизе. Мисалияб программаялда цадахъ предметалъул тематикияб план мугIалимас кьочIое босула, авар мацIалъул курсалъул хIалтIул программаби ва лъагIалил тематикиял планал хъвалаго.

**<u>Аслияб школалда авар мацI лъазабула гьал хадусел аслиял мурадазде щвезе:</u>**

- маданияталъул бутIа хIисабалда мацIалдехун хIакъикъияб, бичIчIи бугеб бербалагьи гьаби;

- обществоялъ къабул гьабурал рухIиялгин эстетикиял нормаби лъазариялъеги, инсанасул гIумруялъул киналго рахъазул хIакъалъулъ лъай щвезабиялъеги, цоцазулгун гьаркьоблъи (бухьен) гьабиялъеги рахьдал мацIалъ квербакъулеблъи бичIчIи;

- рахьдал мацIалъул эстетикияб бечелъи (рахьдал мацIалъул берцинлъи, гьайбатлъи, чIурканлъи) бичIчIи;

- щибаб къойилаб гIумруялъулъги цIалулъги хIалтIизабизе бажарулеб куцалда рахьдал мацI лъазаби;
калам камиллъизабизе, каламалдалъун цоцада ричIчIизе ва цоцада гьоркьоб бухьен чIезабизе бугеб бажари цебетIезаби;

цIалиялда хурхарал батIи-батIиял хIалтIаби гьаризе гъваридго лъай (мурад лъезеги, план гIуцIизеги, жиндирго каламалда хадуб халккезеги, каламалъулъ риччарал гъалатIал ритIизаризеги бажари).

**<u>Рахьдал мацI лъазабиялда церечIарал масъалабилъун ккола:</u>**

- батIи-батIиял лингвистиял словараздаса ва цогидалги источниказдаса къваригIарал баянал роси ва гьел кьучIдасанго хиси;

- мацIалъул гIуцIиялъул ва гьеб дандекколеб куцалъ хIалтIизабиялъул, гьелъул стилистикияб рахъалъ бугеб бечелъиялъул ва литературияб мацIалъул аслиял нормабазул хIакъалъулъ щулияб лъай щвей;

- мацIалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезе, гьезул анализ гьабизе, гьел дандеквезе, ратIарахъизе ва тIелазде рикьизе бугеб бажари цебетIезаби;

- кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, батIи-батIияб ахIвал-хIалалъулъ мацI хIалтIизабиялъул къагIидаби, каламалъул этикаялъул нормаби щулаго лъазари;

- активияб ва тIатине бегьулеб (потенциалияб) рагIабазул нахърател бечелъизаби;

- каламалъулъ хIалтIизабулеб грамматика къадаралъул, объёмалъул рахъалъ кIодо гьаби;

- цIалиялда хурхарал хIалтIаби гьарулаго, щвараб лъаялдаса ва лъугьараб бажариялдаса пайда босизе бугеб махщел камиллъизаби.

**<u>V-IX  классазда авар мац1алъул курсалъул г1уц1и</u>**

Рахьдал мац1алъул программаялда рекъон, 5-9 классазда ц1алдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, раг1и лъугьин,грамматика (морфология, синтаксис). Гьединго ц1алдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мац1алъул х1акъалъулъ г1аммал г1елмиял баянал. Ц1алдохъаби ругьунлъизе ккола бит1ун хъвазе  бит1ун ц1ализе, калам г1уц1изе ва лъалхъул ишараби лъезе.

**<u>Ц1алдохъабазул калам цебет1езаби ва гьел пасих1го ц1ализе ругьун гьари</u>**

Школалда авар мац1 малъиялъ ц1алдохъабазул логикияб пикру ва калам цебет1езабула.

**<u>Калам цебет1езабиялда хурхараб 3 нух буго:</u>**

1. Авар мац1алъул дарсазда лъималазул раг1ул нахърател бечед гьаби. Гьеб бечед гьабула бат1и-бат1иял словариял х1алт1абаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул х1алт1абазул текстаздалъун, к1алзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочиненияздалъун.

2. Авар литературияб мац1алъул раг1аби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял г1уц1иялъул, бит1ун ц1алиялъул ва гь.ц. нормаби лъай.

3. Авар мац1алъул дарсазда бат1и-бат1ияб темаялъул ва жжанралъул материалазда т1асан ц1алдохъаби к1алъазе ругьун гьари. Ц1алдохъанасда лъазе ккола тексталда т1ад х1алт1изе,гьелъул аслияб пикру батизе,къокъаб ва г1ат1идаб план г1уц1изе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, (бицунги хъванги) изложение т1обит1изе.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби т1аса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва г1елмияб рахъалъан дандекколел рук1ине ккола. Ц1алдохъабазул калам цебет1езабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандч1валел г1унгут1аби ва гъалат1ал т1аг1инаризе квербакъула.

**Хъвавул х1алт1абазул к1одолъи борцуна раг1абаздалъун ва ч1езабун буго гьезие гьаб къадар**

| Класс | Диктант | Словарияб | Сочинение | | Изложение |
|---|---|---|---|---|---|
| | Раг1и | Диктант<br>Раг1и | Раг1и | Т1анчил гьумер | Раг1и |
| **V** | 80-90 | 10-15 | 90-100 | 0.5-1 | 100-140 |
| **VI** | 90-100 | 15-20 | 120 | 1-1.5 | 140-180 |
| **VII** | 100-120 | 20-25 | 140 | 1.5-2 | 180-220 |
| **VIII** | 120-130 | 25-30 | 160 | 2-2.5 | 240-300 |
| **IX** | 130-140 | 30-35 | 180 | 2.5-3.5 | 300-400 |

**Баян:** Х1асилазул (контролияб ) диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял т1адкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 раг1иялъ.

**Авар мац1алъе къиматал лъезе ч1езарурал нормаби.**

**1. К1алзул жавабалъе къимат кьолеб куц.**

«5» къимат лъола, мух1канго, г1ураб гьварилъиялда малъараб материал ц1алдохъанас бицунеб ва мац1алъул г1елмиял баяназе бит1араб определение кьолеб бугони, гьединго ц1ехолеб материал т1ок1к1ун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т1ехьалда ругел гурелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жаваб кьуни.

«4» къимат лъола щуйил къиматалъе мустах1икъаб, амма маг1наялъулъ, яги хадуб-цебе рекъон бач1иналъулъ,1-2 гъалат1 яги бицадулъ 1-2 сакъат ккараб жавабалъе.

«3» къимат лъола ц1ехолеб материал аслияб куцалъ ц1алдохъанасда бич1ч1ун ва лъан бук1ин бихьизабулеб, амма определение кьолаго, яги бит1унхъваялъул къаг1ида бицунаго, г1унгут1аби риччараб, т1убараб мух1канлъи гьеч1еб жавабалъе.

«2» къимат лъола малъараб материалалъул ц1ик1к1унисеб бут1а ц1алдохъанасда лъалеб батич1они, бицунеб жоялъул тартиб гьеч1ого, бак1-бак1алде к1анц1ун бицунеб бугони.

**<u>Диктантазе къимат лъолеб куц.</u>**

«5» Къимат лъола гъалат1 гьеч1еб х1алт1уе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда бук1ине бегьула бит1унхъваялъулъ биччараб 1 сакъат яги лъалхъул ишараялъулъ ккараб 1 г1унгут1и.

«4» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалат1 бугеб, яги бит1унхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 биччараб диктанталъе. Бит1унхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалат1 батаниги лъезе бегьула «4» къимат.

«3» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалат1 батараб джиктанталъе, яги бит1унхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишарабазулъ 5, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъул ишарабазулъ 7 гъалат1 ккараб х1алт1уе.

«2» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 7 ва лъалхъул ишарабазулъ 7, яги бит1унхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишарабазулъ 8, яги бит1унхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишарабазулъ 9, яги бит1унхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалат1 биччараб диктанталъе.

**<u>Грамматикиял т1адкъаял т1уразариялъе къимат лъолеб куц</u>**

«5» къимат лъола, гъалат1 гьеч1ого, киналго т1адкъаял т1уран ратани.
«4» къимат лъола, киналго т1адкъаязул ункъилъа лъабил бут1а (3/4) бит1ун гьабун батани.
«3» къимат лъола, бащадалниги т1адкъаял рит1ун гьарун ратани.
«2» къимат лъола, бащдалдаса дагь гурони бит1ун т1уразарурал т1адкъаял ратич1они.

**<u>Курсалъул гIаммаб характеристика</u>**

Аслияб школалда авар мацIалъул курс буссун буго метапредметиял ва предметиял хIасилал тIуразариялде. Гьединаб мурадалде щола цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъ. ЦIалдохъабазда гъваридго лъазе ккола кIалзул ва хъвавул каламалъул культура, каламалъул аслиял тайпаби, гьезда бажаризе ккола гIумруялъулъ кIвар бугел бакIазда мацIалдаса пайда босизе. Гьезие щвезе ккола жамгIияб бечелъи ва мацIалъул система хIисабалда мацIалъулги, гьелъул гIуцIиялъулги, гьеб цебетIезабиялъулги хIакъалъулъ чара гьечIого къваригIарал баянал; гьезда щулаго лъазе ккола авар литературияб мацIалъул аслиял нормаби, цIалдохъабазул калам бечелъизе ккола грамматикияб гIуцIиялъул ва рагIабазул нахърателалъул рахъальги; гьезда бажаризе ккола батIи-батIиял лингвистиял словараздаса пайда босизеги, мацIалъулъ кколел хиса-басиязе къимат кьезеги, гьезул анализ гьабизеги. ЦIалдохъабазда бичIчIизе ккола мацI миллияб культура загьир гьабулеб формабазул цояб кколеблъи, мацIалдаги тарихалдаги гьоркьоб бугеб бухьен ва рахьдал мацIалъул миллиябгин культураялъул хаслъи; гьезда лъазе ккола каламалъул этикаялъул нормаби ва лъилгунниги гьоркьоблъи гьабиялъул культураги.

**<u>Лъай бугев цIалдохъанлъун вахъизе кумек гьабула метапредметиял статус бугел гьал хадусел хIалтIабаз:</u>**

***цIалиялда хурхарал батIи-батIиял коммуникативиял хIалтIаби***(каламалъул батIи-батIиял тайпаби лъазе, гIел бащадазулгунги цIикIкIаразулгунги пайдаяб калам (гара-чIвари) гьабизе;
кIалзул ва хъвавул калам лъикI бичIчIизе, лъураб суалалда тIасан тIубанго, битIун, дурусго ва пасихIго жиндирго пикру загьир гьабизе, хурхен гьабулаго, хъвавул ва кIалзул каламалъул аслиял нормаби ва каламалъул этикаялъул къагIидаби цIунизе ва гь.ц.);

***цIалиялда хурхарал батIи-батIиял нахъгIунтIиялъулал хIалтIаби***
(суалалъе къокъго ва мухIканго баян кьезе, мисал бачун бихьизабизе, жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе;
жиндирго ритIухълъи хIужжабаздалъун чIезабизе;
батIи-батIиял источниказдаса чара гьечIого къваригIараб информация босизе;
аслияб информация аслияб гурелдаса батIа бахъизе;
коммуникативияб мурадалда бан, цIалиялъул тайпа тIасабищулаго, цIалиялъул мурад бичIчIизе, информация балагьиялъул методал хIалтIизаризе;
информация цIидасан къачIазе, системаялде бачине ва батIи-батIиял къагIидабаздалъун бихьизабизе ва гь.ц.);

***цIалиялда хурхарал батIи-батIиял регулятивиял хIалтIаби:***
(жинца гьабулеб хIалтIул мурад лъезе ва гьелъие баян кьезе; гьабулеб хIалтIул тартибалъул план гьабизе ва нагагь хIажалъани гьеб хисизабизе;
гьабураб хIалтIул жинцаго хал гьабизе, гьелъие къимат кьезе ва гь.ц.);

Гьеб хIалалда, авар мацIалъул курсалъул аслияб куцалда кIвар буссун буго литературияб мацIалъул нормабиги лъалев, жиндирго пикру ва рекIел хIал эркенго кIалзул ва хъвавул формаялда загьир гьабизеги бажарулев, цогидазда кIалъалаго этикиял нормабиги цIунизе лъалев тарбия щварав инсан гIезавиялде.

Авар мацIалъул курс цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизеги, рахьдал мацIги, культураги щвалде щун лъаялъул мурадалде буссараб букIин бихьизабулеб буго гьеб курсалъул гIуцIиялъги. Гьениб кьураб материал бикьун буго лъабго бутIаялде.

ТIоцебесеб бутIаялда кьун буго цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе ругьун гьариялъул материал. Гьеб бутIаги гIуцIун буго гьал хадусел разделалдасан: «Калам ва калам гьаби», «Калам хIалтIизаби», «Текст», «МацIалъул функция».

КIиабилеб бутIаялда кьураб материалалъ цIалдохъабазе мацI лъазабизе кумек гьабула. Гьеб бутIаялда гъорлъе уна гьал хадусел разделал:
«МацIалъул хIакъалъулъ гIаммаб баян», «Фонетика ва орфоэпия. Графика»,
«Морфемика ва рагIи лъугьин», «Лексика ва фразеология», «Морфология», «Синтаксис», «БитIунхъвай: орфография ва пунктуация».

Лъабабилеб бутIаялда кьун буго «МацI ва культура» абураб раздел. Гьелъ рес кьола тарихалда ва культураялда мацIалъул бугеб бухьен тIатинабизе.

Рахьдал мацI лъазабулаго, тIадехун рихьизарурал бутIабазулъ кьураб материалалда гьоркьоб щулияб бухьен букIине ккола.

Масала, курсалъул разделал малъулаго, гьезул щибалда жаниб бугеб грамматикияб материал лъазабиялда цадахъ цIалдохъабаз хIаракат бахъула калам камиллъизабизеги, цоцазулгун щулияб гьоркьоблъи (хурхен) гьабизе бугеб бажари цебетIезабизеги, миллиябгин культурияб бечелъи хIисабалда рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ бугеб бичIчIи гъварилъизабизеги.

**Хъвавул х1алт1абазул к1одолъи борцуна раг1абаздалъун ва ч1езабун буго гьезиегьабкъадар**

| Класс | Диктант | Словарияб | Сочинение | | Изложение |
|---|---|---|---|---|---|
| | Раг1и | Диктант<br>Раг1и | Раг1и | Т1анчил гъумер | Раг1и |
| **V** | 80-90 | 10-15 | 90-100 | 0.5-1 | 100-140 |
| **VI** | 90-100 | 15-20 | 120 | 1-1.5 | 140-180 |
| **VII** | 100-120 | 20-25 | 140 | 1.5-2 | 180-220 |
| **VIII** | 120-130 | 25-30 | 160 | 2-2.5 | 240-300 |
| **IX** | 130-140 | 30-35 | 180 | 2.5-3.5 | 300-400 |

**Баян:** Х1асилазул (контролияб )диктантги гьебго роцада гьабила, амма цадахъго грамматикиял т1адкъаял кьолел ругони, диктант къокъ гьабизе бегьула 10 раг1иялъ.

**Авар мац1алъе къиматаллъезе ч1езарурал нормаби.**

1. **К1алзул жавабалъе къимат кьолеб куц.**

«5» къиматлъола, мух1канго, г1ураб гъварилъиялд малъараб материал ц1алдохъанас бицунеб ва мац1алъул г1елмиял баяназе бит1араб определение кьолеб бугони, гьединго ц1ехолеб материал т1ок1к1ун лъалеб ва, гьелдаса пайдаги босун, т1ехьалда ругел урелги, жинцаго ургъарал мисалаздалъун жаваб кьуни.

«4» къиматлъолащуйил къиматалъе мустах1икъаб, амма маг1наялъулъ, яги хадуб-цеберекъон бач1иналъулъ,1-2 гъалат1 яги бицадулъ 1-2 сакъатккарабжавабалъе.

«3» къиматлъола ц1ехолеб материал аслиябкуцалъ ц1алдохъанасда бич1ч1ун валъан бук1ин бихьизабулеб, аммаопределение кьолаго, яги бит1унхъваялъул къаг1идабицунаго, г1унгут1аби риччараб, т1убараб мух1канлъи гьеч1еб жавабалъе.

«2» къиматлъоламалъарабматериалалъул ц1ик1к1унисеб бут1а ц1алдохъанасда лъалеб батич1они, бицунебжоялъултартиб гьеч1ого, бак1-бак1алде к1анц1ун бицунеббугони.

**Диктантазекъиматлъолеб куц.**

«5» Къиматлъола гъалат1 гьеч1еб х1алт1уе. Гьеб къимат лъолеб диктанталда бук1ине бегьула бит1унхъваялъулъ биччараб 1 сакъат яги лъалхъул ишараялъулъ ккараб 1 г1унгут1и.

«4» къиматлъола бит1унхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалат1бугеб, яги бит1унхъваялъулъ 1, лъалхъулишарабазулъ 3, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъулишарабазулъ 4 гъалат1 биччарабдиктанталъе. Бит1унхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалат 1батаниги лъезе бегьула «4» къимат.

«3» къимат лъола бит1унхъваялъулъ 4 ва лъалхъулишарабазулъ 4 гъалат1батарабджиктанталъе, яги бит1унхъваялъулъ 3 валъалхъулишарабазулъ 5, яги бит1унхъваялъулъ цониги гъалат1 гьеч1еб, лъалхъулишарабазулъ 7 гъалат1 ккараб х1алт1уе.

«2» къиматлъола бит1унхъваялъулъ 7 валъалхъулишарабазулъ 7, яги бит1унхъваялъулъ 6 валъалхъулишарабазулъ 8, яги бит1унхъваялъулъ 5 валъалхъулишарабазулъ 9, яги бит1унхъваялъулъ 8 валъалхъулишарабилъеялъулъ 6 гъалат1биччарабдиктанталъе.

**Грамматикиял т1адкъаял т1уразариялъе къиматлъолеб куц**

«5» къиматлъола, гъалат1 гьеч1ого, киналго т1адкъаял т1уран ратани.

«4» къиматлъола, киналго т1адкъаязул ункъилъалъабил бут1а (3/4) бит1ун гьабунбатани.

«3» къиматлъола, бащадалниги т1адкъаял рит1ун гьарунратани.

«2» къиматлъола, бащдалдасадагьгурони бит1ун т1уразарурал т1адкъаял ратич1они.

**5 класс (68 саг1ат)**

**Контролияб диктант-4**

**Калам цебет1езаби -4**

| № | Раздел | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1 | Цебехунмалъараб материал такраргьаби | 6 |
| 2 | Синтаксис ва пунктуация | 2 |
| 3 | Предложениялъул бет1ерал членал | 1 |
| 4 | Предложениялъул бет1ерал гурелчленал | 7 |
| 5 | Фанетикава графика | 5 |
| 6 | Лексика | 8 |
| 7 | Морфология. Предметияб ц1ар | 2 |
| 8 | Глагол | 3 |
| **Кинабниги : 34** | | |

**Ц1алдохъабазда лъазеккола:**

раг1ул бит1араб вахъвалсараб, г1емер вацо маг1на бук1ин, омонимал, синонималваантонимал;

раг1ул фонетикияб, морфологиябва г1уц1иялъул разбор гьабизе;

бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениял г1уц1изе;

учебникалдакьуралсхемабаздарекъон, предложжениял г1уц1изе;

раг1улъ ругелрагьаралварагьукъалгьаркьалхисизарун, предм.ц1аралъул г1емерлъул форма лъугьинабизе.

**<u>Ц1алдохъабазда бажаризеккола:</u>**

г1адамазул вагеографиял ц1аразулъ, къват1азул, байданазул ва пачалихъиял байрамазул ц1аразулъ к1удияб х1арп хъвазе;

т1ахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературияласаразул ц1аразул бет1ералда к1удияб х1арп хъвазе ва кавычкаби лъезе;

журарал раг1аби рит1ун хъвазе;

**6 класс (68 саг1ат)**

**Контролияб диктант-**

**Калам цебет1езаби-**

| № | Раздел | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1 | Такраргъаби .Лексика ва фразеология | |
| 2 | Раг1и лъугьин | |
| 3 | Морфология ва бит1унхъвай.Предметияб ц1ар | |
| 4 | Прилагательное | |
| 5 | Рик1к1ен | |
| 6 | Ц1арубак1 | |
| 7 | Причастие | |
| 8 | Деепричастие | |
| **Кинабниги : 34** | | |

**Ц1алдохъабазда лъазеккола:**

Цогидал мац1аздаса рач1арал раг1аби, ц1иял вабасралъарал раг1аби, фразеологиялсверелал.

Морфологияб къаг1идаялъ раг1и лъугьинабизе.

Цолъулва г1емерлъул формаялда предм.ц1арал падежазде сверизаризе.

Г1адатаб ва жубараб прилагательное лъугьинабизе.

Причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе.

**<u>Ц1алдохъабазда бажаризе ккола:</u>**

Предм.ц1аралъул суффиксал рит1ун хъвазе.

Журарал предм.ц1арал рит1ун хъвазе.

Рик1к1ен ва ц1арубак1ал рит1ун хъвазе

Причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишарабилъезе.

Жубараб план г1уц1изе.

Бат1и-бат1иял темабазда т1асан ха-

Барияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине.

Цо сундул бугониги цебе суратги ч1езабун, хабар г1уц1изе.

**7 класс (34 саг1ат)**

**Контролияб диктант-**

**Калам цебет1езаби -**

| № | Раздел | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1 | Такраргьаби | 2 |
| 2 | Глагол | 8 |
| 3 | Глаголалъул наклонение | 9 |
| 4 | Наречие | 6 |
| 5 | Кумекалъулалкаламалъул бут1аби | 9 |
| **Кинабниги : 34** | | |

**Ц1алдохъабазда лъазеккола:**

7 абилебклассалдалъазаруралжалгожидедаго ч1арал вакумекалъулалкаламалъул бут1аби баян гьаризе.Глаголалъул бат1и-бат1иял формабилъугьинаризе.

**Ц1алдохъабазда бажаризеккола:**Глаголал рит1ун хъвазе. Союзал, хадурег1ел вачастицаби бит1ун хъвазе, междометияздахадуб запятая яги ах1ул ишаралъезе. Глаголал, наречиял (аск1об, цебе, гъорлъ) вачастицаби, авар литературияб мац1алъул орфоэпия ц1унун, ц1ализе.

Г1адамасул сипат-сураталъулги х1алт1ул иналъулгиописаниялъулэлементалругебхабариябтексталъул г1ат1идгоги къокъгоги изложение хъвазе.

**8 класс (34 саг1ат)**

**Контролияб  диктант -**

**Калам цебет1езаби -**

| № | Раздел | Саг1ат |
|---|---|---|
| 1 | Такраргъаби | 5 |
| 2 | Синтаксис ва пунктуация | 3 |
| 3 | Предложение | 26 |
| **Кинабниги : 34** | | |

**Ц1алдохъабазда лъазеккола:**Раг1абазул дандраязул, бат1и-бат1иял тайпабазул г1адатал предложениязул, рат1алъизарурал членалгунпредложениязулсинтаксисияб разбор гъабизе.

Раг1абазда гъоркьоббугеббухьен баян гьабизе.

Цосоставалъул, к1иго  составалъулвалъабгосоставалъул, тайпацоялва рат1алъизарурал членал, обращениялвагъоркьорккарал раг1аби ругел г1адатал предложениял г1уц1изе.

**Ц1алдохъабазда бажаризеккола:**Тайпацоялчленал, хит1аб, гъоркьорккарал раг1аби вамеждометиял, рат1алъизарурал членалругелпредложениязулълъалхъулишарабилъезе.

Кколеб бак1алда подлежащеялдагисказуемоялдагигъоркьоб тире лъезе

Художествиялтекстал пасих1го ц1ализе.

Жиндирго автобиография бицине (абунгихъванги)

Газеталъемакъалаби, данделъиялъул протокол хъвазе

**9 класс (34 саг1ат)**

**Контролияб диктант -4**

**Калам цебет1езаби-8**

| **№** | **Раздел** | **Саг1ат** |
|---|---|---|
| **1** | Такраргьаби | 4 |
| **2** | Жубараб предложение | 22 |
| **3** | Резерв к/ц | 8 |
| **Кинабниги : 34** | | |

**<u>Ц1алдохъабазда лъазеккола:</u>**

Жураралпредложениязулсинтаксисияб разбор гьабизе.

Бат1и-бат1ияб тайпаялъулжураралпредложениялдандегьаризе.

Бит1араб калам хъвалсаралдесверизабизе.

**<u>Ц1алдохъабазда бажаризеккола:</u>**

Жубараб сок1к1араб предложениялъул бут1абазда гьоркьоб запятая лъезе.

Жубараб предложениялъул бет1ераб ва т1аджубараб бут1аялда гьоркьоб кколелъуб запятая лъезе.

Союз гьеч1еб жубараб предложениялъулъ х1ажатал лъалхъул ишараби лъезе.

Гьит1инаб ялъуни к1удияб макъалаялда  т1асан коспект, ялъуни тезисал х1адуризе.

**10 класс (34 саг1ат)**

**Контролияб диктант -**

**Калам цебет1езаби -**

| № | Темаби | Саг1тал |
|---|---|---|
| **1** | Мац1алъул х1акъалъул г1аммал баянал | 1 |
| **2** | Стилистика вакаламалъул культура | 2 |
| **3** | Лексикология | 2 |
| **4** | Фразеология | 2 |
| **5** | Бит1ун аби (орфоэпия) ва интонация | 1 |
| **6** | Графика, бит1унхъвай ва пунктуация | 2 |
| **7** | Раг1ул г1уц1и ва раг1и лъугьин | 1 |
| **8** | Морфология | 15 |
| **9** | Такраргьаби | 1 |
| **Кинабниги : 34** | | |

**11 класс (34 саг1ат)**

**Контролияб диктант -**

**Калам цебет1езаби -**

| № | Темаби | Саг1тал |
|---|---|---|
| **1** | Раг1абазул дандраялва предложение | 4 |
| **2** | Бет1ерал ва бет1ерал гурелчленал | 3 |
| **3** | Тайпацоялчленал | 2 |
| **4** | Хит1аб, гьоркьоркколел раг1аби ва междометие | 3 |
| **5** | Жубараб предложение | 1 |
| **6** | Жубараб сок1к1араб предложение | 2 |
| **7** | Жураралнахърилълъаралпредложениял | 5 |
| **8** | Такраргьаби | 2 |
| **Кинабниги : 34** | | |

**10-11**классазда  авар мац1малъиялъуласлиябмасъалалъун буго цебехун малъараб программияб материалалъул к1вар бугелбаяналгъваридгова г1ат1идго такрар гьари.

**ЦIалул планалда авар мацIалъ ккураб бакI**

Аслияб школалда авар мацI лъазабизе бихьизабун буго кинабниги 170 сагIат. Гьезда гьоркьоса 5 классалда 34 саг1ат (анкьида жаниб 1 сагIат), 6 классалда 34 саг1ат (анкьида жаниб 1 сагIат), 7 классалда 34 саг1ат (анкьида жаниб 1 сагIат),
8 классалда 34 саг1ат (анкьида жаниб 1 сагIат),9 классалда 34 сагIат (анкьида жаниб 1 сагIат) кьун буго.

Хурхен гьабиялъулаб мурадалде руссарал жакъа къоялъул тIалабазда рекъон рахьдал мацI лъазабулаго, программаялъ мацIалъул, стилистикияб яги цогидаб лингвистияб анализалъе батIи-батIиял жанразул текстазул анализ хIисабалде босун буго. Калам цебетIезабиялъе кIудияб кумек гьабула гьал хадур рехсарал хIалтIабаз:
цIалараб яги рагIараб жоялъул хIасил бицин, реферат хъвай, тезисал гIуцIи, изложение, гьитIинабго сочинение хъвай ва гьел гурел цогидалги творческиял тIадкъаял тIурай.

***Авар мацI малъиялъул формаби:***
Лъайгун тарбия кьеялъул ва цIалдохъабазул гIакълу цIубазабиялъул масъалаби аслияб къагIидаялъ тIуразарула дарсида. Цебе лъураб мурадалда бан пайда босизе бегьула дарсил гьал хадусел тайпабаздаса:
цоцалъ жубараб дарс, гара-чIвариялъул (накъит гьабиялъул) дарс, щвараб лъай такрар гьабиялъул яги гIаммлъизабиялъул дарс, цIех-рех гьабиялъул дарс, лекциялъул дарс, семинаралъул дарс, практикумалъул дарс, калам цебетIезабиялъул дарс.

***Авар мацI малъиялъул методал ва къагIидаби:***
- малъараб материал гIаммлъизабизе накъит гьаби;

- разборалъул батIи-батIиял тайпаби (фонетикияб, лексикияб, рагIул гIуцIиялъул (морфемияб), морфологияб, синтаксисияб ва гь.ц.);

- тексталъул анализалда, гьеб цIидасан къачIаялда бухьарал хIалтIабазул тайпаби;

- батIи-батIиял жанразул авторасулал текстал гIуцIи;

- сверухъ ругезул каламалда хадуб халкквей, мугIалимасул тIадкъаялда рекъон хадуб пайда босизе къваригIараб материал бакIари;

- гIатIидго, къокъго яги тIасабищун изложение хъвай;

- сочинениял тIоритIи (жиндирго пикру загьир гьабун, сураталда ва кьураб сюжеталда тIасан);

- диктантал хъвай (словарияб, тIасабищул, хIадурлъиялъул, берзул, гIинзул, эркенаб, творчествоялъулаб, баянгун).

**<u>Курс лъугIун хадуб кьолел хIасилал</u>**

**<u>ФГОСалъул</u>** тIалабазда ва мурадазда рекъон аслияб школалда авар мацIалъул курс лъазабун хадуб цIалдохъаби гьал хадусел хIасилазде щола:

**<u>Напсиял хIасилал:</u>**

1. Авар мацI магIарулазул милиябгин маданияб бечелъи кколеблъи бичIчIи; инсанасул рухIияб бечелъи, гIакълу, пагьму, бажари цебетIезабиялъулъ рахьдал мацIалъ тIубалеб хъулухъ ва школалъулаб лъай щвезабиялъулъ гьелъул бугеб кIвар бичIчIи.

2. Авар мацIалъул эстетикияб бечелъи бичIчIи;
рахьдал мацIалдехун цIуна-къараб, хIурматияб бербалагьи букIинаби, гьелдаса чIухIи, миллияб маданият хIисабалда авар мацIалъул бацIцIалъи цIуни;
калам цебетIезабизе хIаракат бахъи.

3. Гьудулзабигун гъорлъ росун, тIаде-гъоркье рачIун рукIиналъул мурадалда, эркенго пикру ва рекIел асар загьир гьабизе, рагIабазул нахърател бечелъизаби ва грамматика тIадегIанаб даражаялда лъазаби;
жиндирго каламалъе къимат кьезе бажари.

**<u>Метапредметиял хIасилал:</u>**

1. Калам цебетIезаби:
***гIенеккун рагIараб жо цIи гьабун бицин (аудирование) ва цIали:***

- кIалзул ва хъвавул формаялда бицараб жо данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи;

- батIи-батIиял жанразул ва стилазул текстал батIи-батIияб къагIидаялъ щулаго цIализе лъай;

- батIи-батIиял жанразул ва стилазул текстазул хIасил гIенеккун данд рекъон кколеб хIалалъ бичIчIи;

- батIи-батIиял бакIаздаса (масала, газетаздаса, журналаздаса, радиоялдаса, телевидениялдаса, интернеталдаса) информация босизе бажари; баян (справка) кьолеб адабияталдаса, батIи-батIиял тайпабазул словараздаса эркенго пайда боси;

- цо чIванкъотIараб темаялда тIасан материал тартибалде лъеялъулги тIасабищиялъулги къагIидаби гъваридго лъазари; живго жиндаго чIун, ай жинцаго информация балагьизе бажари;
гIенеккун яги цIалун щвараб информация кьучIдасан хисизабун цIидасан гIуцIизеги, цIунизеги битIун кьезеги бажари;

- жидер стилистикиял хаслъабазде, хIасилалде ва пайда босарал мацIалъул алатазде балагьун, рицарал пикраби дандекквезе бажари;

***Гаргади ва хъвадари:***
- дарсида гьабизе кколеб хIалтIул тартиб ва мурад чIезабизеги, щварал хIасилазе къимат кьезеги, кIалзул ва хъвавул формаялда данд рекъон кколеб хIалалъ гьезул хIакъалъулъ бицинеги бажари;

-гIенеккун рагIараб яги цIалараб тексталъул хIасил цIи гьабун бицине бажари;

- батIи-батIиял тайпабазул, стилазул ва жанразул хъвавул ва кIалзул текстал гIуцIизе бажари;

- кIалзул ва хъвавул формаялда эркенго ва битIун жиндирго пикру рекъезабун сокIкIинеги, текст гIуцIиялъул нормаби цIунизеги, хIакъикъаталдехун, сверухъ тIабигIаталда кколел лъугьа-бахъиназдехун цIалараб, рагIараб ва бихьараб жоялдехун жиндирго бербалагьи загьир гьабизеги бажари;

- монологалъул ва диалогалъул батIи-батIиял тайпаби лъай, (цо лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ, хадуб-цебе ккезабун, бицине; жиндирго пикру загьир гьабизе, мацIалъул ресаздалъун лъилниги-сундулниги хIакъалъулъ бицине, батIи-батIиял пикраби дандразе, гьира базабизе, цIехолдизе бажари);

- каламалъулъ жакъасеб авар литературияб мацIалъул битIунабиялъул, лексикиял, грамматикиял, стилистикиял аслиял нормаби дурусго цIуни; хъвадарулаго битIунхъваялъул ва пунктуациялъул аслиял къагIидаби дурусго цIуни;

- каламалъул этикаялъул нормабиги цIунун, гара-чIвариялъулъ гIахьаллъизе бажари;

- кIалъалаго жиндирго каламалда хадуб халкквезеги гьелъие къимат кьезеги бажари; грамматикиял ва каламалъулал гъалатIал тIатинаризе ва ритIизаризе, гьединго жидерго текстазул хал гьабизе (редакторлъи гьабизе), ва гьел камиллъизаризе бажари;

- аудиториялда гIел бащадазда цеве кIудиял гьечIел докладалгун, лекциялгун ва рефераталгун кIалъазе бажари; накъиталъулъ (гара-чIвариялъулъ) гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизе, диалогалъулъ гIахьаллъизе, жиндирго пикру загьир гьабизе, гьелъие далил бачине бажари;
батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндирго хасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъи;

2. Школалда щвараб лъайги лъугьараб бажариги гIумруялъулъ хIалтIизабизе бажари;

3. Цо кинаб бугониги тIадкъай цогидазда цадахъ тIубазабизе, дагIба-къецалъулъ гIахьаллъизе, кIвар бугел темабазда тIаса кIалъазе бажари;

**Предметиял хIасилал:**

1. МацIалъ тIубалеб аслияб хъулухъалъул, авар халкъалъул миллияб мацI хIисабалдаги Дагъистаналъул пачалихъияб мацI хIисабалдаги, авар, цез, гIанди миллатазе гIахьалаб мацI хIисабалдаги авар мацIалъул бугеб
2. кIваралъул, мацIалда ва маданияталда гьоркьоб бугеб бухьеналъул, инсанасул ва обществоялъул гIумруялъулъ рахьдал мацIалъул бугеб кIваралъул хIакъалъулъ бичIчIи;

2. Гуманитариял гIелмабазулъ рахьдал мацIалъ ккураб бакI ва лъаялъулъ гьелъул бугеб роль бичIчIи;
3. Рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ гIелмияб лъаялъул аслу лъай; мацIалъул бутIабазда ва даражаязда гьоркьоб бугеб бухьен бичIчIи;
4. Лингвистикаялъул авалиял бичIчIиял лъай: лингвистика ва гьелъул аслиял бутIаби (разделал);
мацI ва калам;
каламалдалъун щулияб гьоркьоблъи, бухьен гьаби;
кIалзул ва хъвавул калам;
монолог, диалог ва гьезул тайпаби;
ахIвал-хIалалъухъ балагьун, калам гьаби;
бицунеб калам;
гIелмияб, публицистияб, официалиябгин ишалъулаб стил, художествияб литератураялъул мацI;
гIелмияб, публицистияб, официалиябгин ишалъулаб стилазул ва бицунеб каламалъул жанрал;
каламалъул тайпаби (хабарияб, сипатияб ва пикрияб);
текст ва тексталъул тайпаби;
мацIалъул аслиял бутIаби, гьезул гIаламатал ва каламалъулъ хIалтIизариялъул хаслъаби;

5. Авар мацIалъул фразеология ва лексика, гьединго авар литературияб мацIалъул орфоэпиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, орфографиялъул, пунктуациялъул аслиял нормабиги каламалъул этикаялъул нормабиги лъай;
кIалзул ва хъвавул формаялда жиндирго пикру загьир гьабулаго, каламалъул практикаялъулъ гьездаса пайда боси;

6. МацIалъул грамматикиял категориял ва мацIалъул аслиял бутIаби ратIарахъизеги гьезул анализ гьабизеги лъай, каламалдалъун гьоркьоблъи гьабулаго, гьел мацIалъул категориял ва бутIаби рекъараб бакIалда хIалтIизари;

7. РагIул батIи-батIияб тайпаялъул (фонетикияб, морфемияб, рагIи лъугьиналъулаб, лексикияб, морфологияб) анализги рагIабазул дандраялъул ва предложениялъул анализги гьаби; гIуцIиялде, аслиял гIаламатазде, тайпабазде, стилалде ва пасихIал рагIаби хIалтIизариялъухъ балагьун, тексталъул анализ гьаби;
8. Грамматикияб ва лексикияб синонималъул коммуникативиябгин эстетикиял ресал ричIчIи ва жиндирго каламалъулъ гьездаса пайда боси;
9. Рахьдал мацIалъул эстетикияб хъулухъ ва, художествияб литератураялъул анализ гьабулаго, жинца загьир гьабураб пикруялъул эстетикияб рахъалъе къимат лъезе бажари.